



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO KONSÈY POU KOLABORATIF REFÒM LAPOLIS POU REYENVANTE AK MODÈNIZE LAPOLIS LA

*Konsèy la ofri estrikti, resous pou 'Kolaboratif Refòm ak Reyenvansyon Lapolis Eta New York' ki etabli pa Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan mwa jen an; Lokalite yo dwe adopte yon plan dis 1 avril 2021 pou yo ka elijib pou finansman eta a alavni*

*Gouvènè a te pibliye [lèt](#) bay 500 Jiridiksyon ak Depatman Lapolis nan Eta a*

*Konsèy la disponib [isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvo konsèy pou Kolaboratif Refòm ak Reyentèkansyon Lapolis Eta New York, ki te etabli pa Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan mwa jen an. Konsèy la ofri yon estrikti ak sijè pou konsiderasyon pa depatman lapolis lokal yo, ofisyèl eli yo ak sitwayen yo jan yo devlope plan lokal yo pou refòm. Dapre Dekrè Egzekitif Gouvènè a, chak lokalite dwe adopte yon plan pou refòm dis 1 avril 2021 pou yo ka elijib pou finansman eta a alavni.

Gouvènè a te pibliye yon lèt tou bay 500 jiridiksyon avèk depatman lapolis nan Eta New York.

"Nou dwe adrese tansyon ak mank konfyans ant kominote nou yo ak lapolis k'ap sèvi yo. Mwen ap voye yon lèt bay 500 jiridiksyon, pou eksplike ke li enpòtan pou nou adrese kriz ijan sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen konprann li konplike. Mwen konprann li difisil. Men, moun yo ap mouri. Nouyòkè yo p'ap kouri pou yon kriz - sa a se moman pou lidèchip ak aksyon. Ofisyèl eli lokal yo dwe travay ansanm ak kominote a ak fòs polis yo, pou devlope epi aplike refòm pou yon estanda lapolis ki pi an sekirite, ki pi jis."

Konsèy jodi a bati sou aksyon Gouvènè a apre lanmò George Floyd la. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo te prezante yon seri pwen politik refòm - ki rele ajanda "Site Non Yo" (Say Their Name) - ki gen ladan pèmèt transparans nan dosye disiplinè anteryè ofisyè fòs delòd yo nan refòm 50-a nan lwa sou dwa sivil la; ki entèdi ofisyè fòs delòd yo trangle moun; entèdi fo rapò 911 ki baze sou ras epi fè yo tounen yon krim; ak dezinye Pwokirè Jeneral la kòm yon pwokirè endepandan pou zafè ki gen rapò ak lanmò sivil san zam ke fòs delòd yo koze.

*Tèks konplè lèt Gouvènè a anba la a.*

Chè Direktè Jeneral, Chèf Polis, ak Chè Cherif:

Anpil kominote nan tout peyi a ap fè fas ak pwoblèm konsènan depatman lapolis yo. Plizyè milyon moun ki te rasanble nan yon manifestasyon, menm nan mitan yon kriz sante piblik, te fè li klè. Sitiyasyon an pa vyab pou tout moun.

Mentni sekirite piblik se yon enperatif; li se youn nan wòl esansyèl gouvènman an. Pou reyalize objektif sa a, dwe gen konfyans mityèl ak respè ant lapolisla ak kominote yo sèvi yo. Siksè a ak sekirite nan sosyete nou an depann sou restore ak ranfòse konfyans mityèl. Avèk krim k'ap grandi nan anpil vil, nou dwe sezi moman kriz sa epi fè li vin yon opòtinite pou transfòmasyon.

Pandan ke konfli a reyèl epi pwoblèm yo konplike, nou konnen nan New York ke refi oswa evite se pa yon estrateji ki pote siksè. Pou rezon sa, nan dat 12 jen 2020 an, mwen te siyen yon Dekrè Egzekitif ki egzije chak gouvènman lokal nan Eta a adopte yon plan refòm lapolis disi 1 avril 2021. Dekrè a otorize Direktè Divizyon Bidjè a pou kondisyonè èd eta bay lokalite yo lè yo fè adopsyon yon plan konsa.

Pou asire ke plan sa yo devlope atravè yon pwosesis enklizif, mwen te fè apèl ak Kolaboratif Refòm ak Reyenvansyon Lapolis Eta New York. Avèk plis pase 500 ajans fòs delòd nan gwo eta ak eta divès nou an, pa gen okenn solisyon "inifòm". Pou rekonstwi relasyon lapolis-kominote a, chak gouvènman lokal yo dwe konvoke moun ki gen enterè yo pou yon dyalòg ki baze sou reyalite epi ki onèt sou bezwen sekirite piblik nan kominote yo. Tout kominote dwe anvizaje pou tèt li wòl apwopriye lapolis la. Yo dwe devlope politik yo pou pèmèt polis yo fè travay yo pou pwoteje piblik la epi politik sa yo dwe satisfè akseptasyon kominote lokal yo.

"Kolaboratif" se mo kle a. Li ta yon erè pou estriktire diskisyon sa yo kòm yon pwosesis kontradiktwa oswa yon efò pou enpoze solisyon desandant. yo dwe devwale pwoblèm yo men yo dwe elabore solisyon yo. Pwosesis kolaboratif ka ta dwe:

- Revize bezwen kominote ajans lapolis li a ap sèvi, epi evalye politik ak pratik aktyèl depatman an;
- Etabli politik ki pèmèt polis fè travay yo ak efikasite epi san danje;
- Angaje tout kominote a nan diskisyon an;
- Devlope rekòmandasyon politik ki soti nan revizyon sa a;
- Ofri yon plan pou kòmantè piblik;
- Prezante plan bay lejislatif lokal la pou ratifye oswa adopte li, epi;
- Sètifye adopsyon plan an bay Direktè Bidjè Eta a nan dat oswa avan 1 avril 2021.

Mwen ankouraje tout moun kòmanse diskisyon sa yo imedyatman. Restore relasyon ant kominote a ak lapolis la nan enterè tout moun, epi yo ka egzije konvèsasyon pou pèmèt chak moun ki konsène yo konprann pwèn de vi lòt moun. Tan kout.

Otorite eli lokal yo se pozisyon natirèl pou konvoke pwosesis la. Si eli lokal yo pa kapab oswa pa vle jere kolaboratif la, eta a ka chwazi yon konvokatè apwopriye pou jiridiksyon sa a.

Chanjman difisil. Men chanjman nesesè si nou dwe grandi. Tansyon an dwe rezoud. Yo dwe asire Lòd ak sekirite piblik. Mwen eksite akòz posiblite yo epi mwen espere ke moman kriz sa a pral chanje an yon moman kreyativite. ak pwogrè. Li nòmal pou fè ajisteman pou adapte ak chanjman valè ak sikonstans yo.

Nou ap adrese kriz COVID la nan rekonèt pwoblèm nan, fè dyalòg pwodikatif ak nan travay ansanm. Se pou nou fè menm bagay la isit la.

Sa a se yon opòtinite pou reyenvante ranfòsman lalwa pou 21yèm syèk la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)